

# Men Plan Bondye Trase Pou Moun Kapab Sove

**Zanmi**, mwen ta renmen poze ou kesyon ki pi enpòtan nan lavi a. Jan ou reponn kesyon sa a va detèmine lajwa ou oubyen chagren ou pou tout letènite. Men kesyon an: Èske ou sove? M pa mande ou ni si se yon bon moun ou ye, ni si se yon manm legliz ou ye, men èske ou sove? Èske ou sèten se nan syèl ou prale lè ou mouri?

Bondye di pou yon moun ale nan syèl, fòk li fèt yon lòt fwa. Nan Jan 3:7, Jezi te di Nikodèm, **“Fòk ou fèt yon lòt fwa!”**

Nan Bib la, Bondye montre nou pa ki mwayen yon moun kapab fèt yon lòt fwa, ki vle di, kijan li ka sove. Plan Bondye a fasil! Ou kapab sove jodi a menm. Kijan?

An premye, zanmi, fòk ou rekonèt se yon pechè ou ye. **“Vrèmanvre, tout moun peche. Epi, yo manke glwa Bondye”** (Women 3:23).

Depi se yon pechè ou ye, ou gen tan kondane amò. **“Paske, salè peche peye se lanmò”** (Women 6:23). Lanmò sa a vle di yon separasyon lwen Bondye nan lanfè pou tout tan. **“Bondye mete pou lèzòm mouri yon sèl fwa, epi, apre sa, se jijman”** (Ebre 9:27).

Men, Bondye sitèlman renmen ou, Li te bay sèl Pitit li a, Jezi, pou Li pote peche ou epi mouri nan plas ou. **“Paske, sila ki pa t konnen peche a (Jezi), li fè l tounen peche akòz nou menm. Konsa, nan li, nou vin jistis Bondye”** (2 Korentyen 5:21).

Li te nesese pou Jezi vèse san Li epi mouri. **“Paske se nan san an lavi chè a ye”** (Levitik 17:11). **“Si san pa koule, pa gen padon”** (Ebre 9:22).

**“Okontrè, men kijan Bondye pwouve lamou pa li pou nou: Se pandan menm nou pechè a, Kris mouri pou nou!”** (Women 5:8).

Menmsi nou pa kapab konprann kijan sa fèt, Bondye di Li mete peche mwen yo ak peche ou yo sou Jezi epi Li mouri nan plas nou. Se vre. Bondye pa ka fè manti.

Zanmi mwen, **“Kounye a, Bondye ap anonse tout moun toupatou pou yo repanti”** (Travay 17:30).

Repanti vle di chanje fason ou panse epi tonbe dakò ak Bondye se yon pechè ou ye. Sa vle di ou vin dakò ak sa Jezi te fè pou ou sou kwa a.

Nan Travay 16:30, 31, gad prizon nan vil Filip la te mande Pòl ak Silas: **“Mesye, kisa mwen dwe fè pou mwen ka sove?”** Yo te di li: **“Kwè nan Senyè Jezi Kris, e ou va sove.”**

Kwè sèlman nan Sila ki te pote peche ou yo, ki te mouri nan plas ou a, Sila yo te antere epi Bondye te resisite a. Rezirèksyon Jezi bay yon asirans fèm, sèke moun ki mete konfyans yo nan Li gen lavi etènèl lè yo resevwa Li kòm Sovè.

**“Men, tout sa ki te resevwa li yo epi ki te kwè nan non li yo, li ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye”** (Jan 1:12).

**“Vrèmanvre, tout moun ki rele non Senyè a, y ap sove!”** (Women 10:13).

“Tout moun”, sa vle di ou ladann. “Y ap sove” pa vle di petèt. Sa vle di pito, menm lè ou rele a, ou sove.

Siman ou rekonèt se yon pechè ou ye. Kounye a menm, kote ou ye a, repanti epi priye Bondye ak tout kè ou.

Nan Lik 18:13, nou jwenn ki lapriye yon pechè dwe fè: **“Bondye, pitye pou mwen! Se pechè mwen ye.”**

Priye konsa: **“O Bondye, mwen konnen mwen se yon pechè. Mwen kwè Jezi te mouri nan plas mwen sou lakwa. Mwen kwè se pou mwen san Li te koule, se pou mwen Li te mouri, se pou mwen yo te antere Li, se pou mwen Li te resisite. Kounye a menm, mwen resevwa Li kòm Sovè mwen. Mwen remèsye Ou pou padone Ou padone peche mwen yo, pou kado delivrans ak lavi etènèl la ou ban mwen poutèt gras Ou a ki pa gen parèy. Amèn.”**

Sèlman kwè nan sa Bondye di nan Pawòl Li, epi kwè ou resevwa sali Li a. Kwè epi konsa, ou va sove. Pa gen ni legliz, ni seremoni, ni bon zèv ki ka sove ou. Sonje, se Bondye sèl ki sove.

Men plan Bondye trase pou moun kapab sove: Se yon pechè ou ye. Se poutèt sa, si ou pa kwè nan Jezi ki te mouri nan plas ou, ou va ale nan lanfè pou tout letènite. Si ou kwè Li te mouri sou kwa a, Li te antere epi Li te resisite pou li ka sove ou, w ap jwenn padon pou tout peche ou, e w ap jwenn kado Li, ki se lavi etènèl pou moun ki mete konfyans yo nan Li.

Men ou di: “Asireman, fòk yon moun fè plis pase sa.” Non, se sa sèlman. E se sa plan Bondye a ye. Zanmi, mete konfyans ou nan Jezi epi resevwa Li kòm Sovè ou jodi a.

Si plan Bondye a pa klè tankou dlo kokoye, li ti trete sa a epi reli l ankò. Pa depoze l toutotan ou poko konprann li. Nanm ou gen plis valè pase lemonn antye.

“Paske tou, ki benefis yon moun ka fè, si li ta genyen lemonn antye, epi, li ta fè defisi nanm li?” (Mak 8:36).

Fòk ou sèten ou sove. Si ou pèdi nanm ou, w ap pèdi syèl la tou, w ap pèdi tout bagay. Tanpri, mande Bondye pou Li sove ou kounye a menm.

Pisans Bondye va sove ou, li va kenbe ou, e li va ede ou gen viktwa sou viktwa nan lavi ou kòm kretyen.

“Nou pa resevwa okenn tantasyon ki pa ta nòmral pou moun. Men, Bondye fidèl, li p ap pèmèt anyen tante nou plis pase sa nou kapab sipòte. Okontrè, ansanm avèk tantasyon an, l ap fè yon mwayen pou n soti, dekwa pou nou ka sipòte li” (1 Kor. 10:13).

Pa fè santiman ou konfyans. Santiman ou ka chanje. Fè pwomès Bondye yo konfyans. Yo pa janm chanje. Apre ou fin sove, gen twa bagay ou dwe fè chak jou pou ou grandi nan lavi espiyèl ou: priye, sa vle di pale ak Bondye. Li Bib ou, paske se konsa Bondye ap pale avèk ou. Temwaye, sa vle di pale pou Bondye.

Ou dwe batize. Konsa w ap obeyi Senyè Jezi Kris epi w ap temwaye ou sove devan tout moun. San pèdi tan, ou dwe kòmanse mache nan yon legliz kote yo kwè Labib. “Donk, pa wont temwaye pou Senyè nou an...” (1 Timote 1:8).

“Donk, tout moun ki temwaye pou mwen devan lèzòm, mwen menm tou, m ap temwaye pou yo devan Papa mwen ki nan syèl la” (Matye 10:32).

French Creole #121